# БУСАЛБА БЕРАН ГIИЛЛАКХАШ



Турпалан кIант Фарукъ

# ДЕШАХЬАЛХЕ

Хастам бу АллахӀана - Ӏаламийн Дела волучу, хӀаваэрачу олхазаршна, хичуьрачу чӀерашна, лаьттах дохкучу гӀорасизачу нӀаьнешна, дийнаташна рицкъаш латтош волучу, дерриге а Ӏаламаш кхобуш-кхиош волучу!

Аса тоьшалла до АллахӀ воцург кхин дела цахиларца. Ша цхьаъ ву И, Шеца цхьа а накъост воцуш. Аса юха а тоьшалла до Мухьаммад Цуьнан лай а, элча а хиларца.

АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «АллахӀа Шена диканиг лиъначунна - динах кхетам ло».

ХӀора кхиазхочуьнан верас Далла хьалха декхарийлахь ву: хенан декхар берана довзийта а, бусалба динах хаа дезаш долучух иза кхетон а. Нагахь шен таронехь бер кхетор дацахь – шегахь я Ӏилма цахиларна я ша дешна цахиларна – бусалба динах цунна хаа дезарг Ӏамон долучунна иза тӀелелон декхарийлахь ву верас, хӀунда аьлча АллахӀана хьалха хӀора а жоьпаллехь ву ша верасалла дечух.

АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Шух хӀора а Ӏу ву, шух хӀора а шен Ӏуналла дечух жоп дала дезаш а ву: урхалча - Ӏу ву, шен Ӏуналлех жоьпаллехь а ву, стаг - шен доьзалехь Ӏу ву, шен Ӏуналлех жоьпаллехь а ву, зуда - шен майрачуьнан хӀусамехь Ӏу ю, шен Ӏуналлех жоьпаллехь а ю, лай - шен элан бахаман Ӏу ву, шен Ӏуналлех жоьпаллехь а ву. (Иштта) шух хӀора а Ӏу ву, (шух хӀора а) шен Ӏуналлех жоьпаллехь а ву».

ЧӀогӀа коьрта а, ладаме а ду – тӀекхуьуш долу кхиазхойн а, берийн а чкъор кхетош-кхиор. Нагахь тахханехь кхетош-кхиоран леррина гӀайгӀа ца бахь – кхана юкъаралла дӀахӀуттур ю, акхаройн а, дийнатийн а амале а йирзина.

Ӏамр бин ШуӀайба дийцина, шен дас дийцира, шен дендас дийцира аьлла: «АллахӀан элчано (АллахӀера къинхетам а, маршо а

хуьлда цунна) элира: «Вайн баккхийнаш лоруш воцург а, вайн берашца кIеда-мерза воцург а - вайх вац» («сахьихь» хьадис ду. ХIара хьадис Абу Дауда а: 4943, Тирмизис а: 1921 а дийцина. Тирмизис аьлла хIара «хьасан, сахьихь» даржехь хьадис ду).

Вуьшта аьлча: берашца къинхетаме воцург а, церан эхарт ирсе дарехьа къахьоьгуш воцург а - бусалба динан хазаллех а, бусалба нехан оьздангаллех а хаьдда стаг ву.

Бер кхетош-кхиор бохург - хуьл-хуьлуш хуьлу стом бу, йох-йохуш беран ирсехьа йоху гIулчаш ю. Бераш кхетош-кхиоран новкъахь кхиамашка кхачар ден-ненан къинхьегамах а, и шиъ кхоацадаларах а, цаьршимма берашна хьакъ йолу хан д1аяларах а дозуш ду.

Бераш синкхетам оьзда болуш кхиоран а, гIиллакхе кхиоран а, АллахI резаваран новкъахь оьшуш дерг хьоьхуш кхиоран а хьокъехь долу дуккха а аяташ а, хьадисаш а тидаме а эцна, имам Пазалис аьлла: «Хьуна хаийла, бераш кхетош-кхиор – кхин долучул а тIехладаме а, тIехкоьрта а гIуллакх дуйла. Бераш - Сийлахь-Везачо дайшка-наношка ханна тешна делла аманат ду. Уьш цуьнах жоп даладезаш а бу Цунна хьалха хIиттаначу дийнахь».

Дуьненчу довлучу хенахь берийн дегнаш муьлххачу а дахаран лорах цIена хуьлу. Берийн синкхетам - массо бакъонийн хершнех а, дог – массо дегатешамийн машанех а цIена хуьлу. Бер массо а хIуманна экаме ду. Шена мел гинарг а, мел хезнарг а - дерриге а чухуду цо. Нагахь бер Iамадахь - дика мел долучунна, бакъахьа мел долучунна, оьзда мел долучунна, г1иллакхе мел долчунна, оцу тIехь иза кхиа а дахь – ирсе хир ду иза хIокху дуьненахь а, эхартахь а.

Дайшна а, наношна а, берана йоза-дешар Iаморехь а, иза кхетош-кхиорехь а дакъа мел лаьцначунна а - оцу новкъахь цара мел диначу диканна, мел яьккхиначу гIулчанна дуьхьал йоккха ял а, боккха мел а хир бу АллахIана гергахь.

Нагахь бер вончуьнга марздала а долахь, дийнатех тера иза тергамза тесна а дитахь – ирс доцуш дуьне а, декъаза эхарт а хир ду цуьнан. Иза кхетош-кхион дезаш хиллачеран белшашна тIе беза мохь хилла дIа а хIуттур ду иза. Иза кхетош-кхионза тесна дитарна дуьхьал эхартахь лалун доцу Iазап а хир ду цуьнан верасашна.

Имам ибн ал-Къаййима (АллахIа къинхетам бойла цуьнах)

аьлла: «Шен берана пайдехь дерг Іамор тІаламбоцуш дитиначо а, иза тесна дитиначо а - кхин дойла доцуш, доккха зулам дина. Дукхаха долучу берийн талхар а, церан хьокъехь ледарло яр а, динан парзаш а, суннаташ а Іамонза дисар а - дайн бехкенна хуьлуш ду. Кегийра доллуш хІаллакдина цара уьш. Цундела жималлехь шайна а ца хилла уьш пайдехь я баккхийра хилча шайн дайшна а ца хилла уьш пайдехь».

Мацах цкъа цхьамма шен кІанте бехк баьккхина хилла: «Ванах, кІант, сел вон хІунда ву хьо суна?». КІанта аьллера боху: «Сан да, со жима волучу хенахь хьо а ма хилла суна вон - хьо воккха хилча со а ву-кха хьуна вон. Бераллехь со тесна витина ахьа - къаналлехь аса хьо а витина-кх тесна…».

Оцу дийциначу дерригенах вайна билгалдолу: бераш бераллера довлале царна динах дерг Іамор коьрта хилар, хІунда аьлча уьш баккхийра хилча нийсачу новкъахь хилар а, гІиллакх долуш хилар а, дегнаша син-оьздангаллин орам хецна кхиар а жималлехь боллуш кхетош-кхиоран тІалам барах доьзна ду.

Иштта вайна билгалдолу: син-оьзда, гІиллакхе, эсала кхетош-кхиоран новкъахь АллахІа ваьшна тІедиллинарг доккха а, жоьпалле а декхар хилар.

Тхан хьоме жима чкъор! Хьалакхуьу кегийрахой!

Шуна лерина кечдо оха хІара шуна хьалха долу жима жайна. Цунна цІе лур ю вай - «Бусалба беран гІиллакхаш» аьлла. Шун бераллин хене а, жималлин муьре а, къоналлин бараме а хьаьжжина, шуна дагахь латтон атта хилийта, чІоггІа дацдина хІоттийна вай хІара мехала жайна.

Чаккхенехь Сийлахь-Везачу АллахІе доьху аса: хІара жайна эхартана пайдехь даккхар, цІенна Шен сийлахь юьхь резаян хьегна къа дар а!

Сийлахь-Везачу АллахІера салават а, салам а хуьлда Мухьаммад пайхамарна а, цуьнан гергарачарна а, массо асхьабашна а, къематде кхаччалц церан новкъа мел баханачарна а!

*Турпалан кІант Фарукъ*

# ДӀАВИЖАРАН А, САМАВАЛАРАН А ГӀИЛЛАКХАШ



1. Пхьуьйра-ламаз диначул тӀаьхьа дӀадийша деза вай - нагахь дӀадийша йиш йоцуш, юьстаха ца долуш, дан дезаш диссина хӀума дацахь (Ӏамон дезаш Ӏилма хуьлда и я веаначу хьешана дан дезаш хьошалла хуьлда и).
2. ДӀадуьйшучу хенахь ламаз а карахь дийша хьовса деза.
3. ДӀадуьйшучу хенахь аьтту агӀонна тӀе дийша деза, гайна тӀе дийшарах а ларлуш.
4. Ваьш дӀадуьйшучу хенахь вай доьшур ду: **«Аятул-курсий»** а, **«ал-Ихлас»**, **«ал-Фалакъ»**, **«ан-Нас»** кхо сурат а.

   Ваьш охьадуьйшуш эра ду вай:

   **«БисмикаллохӀумма амуту ва ахьйа»** (**«Я АллахӀ, Хьан цӀарца вала а ле со, ден а ло со»**).

   ХӀара а эра ду вай:

   **«АллохӀумма къини Ӏазабака йавма таблӀасу Ӏибадак»** (**«Я АллахӀ! Хьайн Ӏазапах ларве Ахьа Со Айхьа Хьайн лаьш гӀовтточу (я денбечу) дийнахь»**).
5. Набарха девлча эра ду вай:

   **«Алхьамду лиллахӀиллази ахьйана баӀда ма аматана ва илайхӀиннушур»** (**«Хастам бу АллахӀана - вай деллачул тӀаьхьа дендина волчу. Цуьнга доьрзур долуш а ду вай»**).

# НИШКА ВАХАРАН ГIИЛЛАКХАШ



1. Нишка доьлхучу хенахь, хьалха аьрру ког а боккхуш, чудовлу вай. Чудовлале хьалха хlара доlа доьшу вай:

   **«Бисмилла́хl, алло́хlумма инни́ аlу́зу бика миналхубуси валхаба́иси»** (**«Аллахlан цlарца! Я Аллахl! Хьоьца ларло со боьршачу а, стечу а шайтlанех»**).

2. Ваьшца цхьана а тайпа тlехь язйина Сийлахь-Везачу Аллахlан цlе йолу хlума а йолуш нишка ца доьлху вай.

3. Нагахь нишка дахар аренгахь нисделллехь - нахана гучуьра къайла довлу вай. И хьашт кхочуш дечохь къамелаш а ца до вай. Моллалла кхойкхучунна тlаьхьара а ца олу вай нишкахь долуш.

4. Хица, аьрру куьйга цlенна деглах дlакъаьстина йолучу нажжазах дlацlанло вай.

5. Нишкара арадовлучу хенахь, аьтту ког хьалха а боккхуш, арадовлу вай.

6. Нишкара арадевлча хlара доlа до вай:

   **«Гlуфро́нака»** (**«Гечдар доьху хьоьга, сан Дела!»**).

# ХIУМА ЯАРАН А, ХИ МАЛАРАН А ГIИЛЛАКХАШ



1. Ваьш хIума юучу а, хи молчу а хенахь дагалоцур ду вай: **«АллахIана Iибадат дан гIора хилийта юуу (молу) аса хIара»** аьлла.
2. ХIума яале хьалха вешан куьйгаш дуьлу вай.
3. Вешан болуш болчу кхачанна реза хуьлу вай, цкъа а хьалха биллина кхача емал а ца бо вай.
4. Аьтту куьйга а юу вай, ваьшна хьал-хьалххарниг а юу вай, шуьнан юккъе а ца кхийда вай.
5. Юьххьехь - **«БисмиллахIи»** аьлла яа йолайо вай. Нагахь вайна хIума юучу юьххьехь АллахIан цIе яккха дицлахь, вай эра ду: **«БисмиллахIи аввалухIу ва ахирухIу»** (**«АллахIан цIарца, юьххьехь а, чаккхенехь а»**).
6. Юург кхачам боллуш Iовшур ю вай, сиха а юур яц вай. ХIума тIехдукха а йиъна, вешан гай а дузур дац вай.
7. Бовхачу кхачанна тIе мох беттар бац вай, пхьегIана чу са а доьIур дац вай, вайца цхьаьна хIума юуш волучунна кхача баа дегаза хин дерг а дийр дац вай.
8. Нагахь юучух юьхк охьайоьжнехь, иза схьа а эцна, дIа а цIанйина, дIаюур ю вай, шайтIанна юьтур яц вай и.
9. Ваьш хIума йиъна девлча эра ду вай: **«Алхьамду лиллахIиллази атIIамани хIаза, ва разакъанихIи мин гIайри хьавлин минни ва ла къуввахI»** (**«Хастам бу АллахIана - суна хIара яийна волучу, хIара сан рицкъа дина волучу. Сан оцу тIехь гIора а дацара, ницкъ а бацара»**).
10. Кхоккха къурд а беш, мер ду вай хи, хIоразза а эра ду вай: **«БисмиллахI»** (**«АллахIан цIарца»**).

    Хи мелла девлча эра ду вай: **«Алхьамду лиллахI»** (**«Хастам бу АллахIана»**).

    ПхьегIана чу са а доьIур дац вай, нагахь йовха елахь, тIе мох а беттар бац вай.
11. ХIума йиъна девлча вешан куьйгаш дуьлар ду вай. Бага хи а кхаьрзина, йисинчу хьаналлех а, цуьргех а цIенна бага дIа а цIанйийр ю вай.



1. ДогIуш-доьлхуш некъан аьтту агIо лоцуш лелар ду вай.
2. Вешан боларехь эсала хуьлу вай, цхьанненна а дозалла а ца детта вай, кураллаш а яц вайца.
3. Вайна дуьхьал кхетначуьнга салам ло вай. Муьлхха а цхьа некъах тиллачунна вай тIенисделча - иза новкъа воккху вай.
4. Гуллакх доцчу дIаса а ца хьежош, вешан бIаьргаш а ларбо вай, вайгара цхьанненна а цхьана а тайпа зен а ца долуьйту вай, муьлхха а хьашт долучунна гIо а до вай.
5. Диканиг даре кхайкхар а, вочух юха сецор а, дIасалелачу нахана новкъара новкъа хин ерг а, зене ерг а дIа а йоккху вай, и дIайаккхар – иманах дуйла а хаьа вайна.

# МАШЕННА ТIЕХААРАН ГIИЛЛАКХАШ



1. Муьлхха а хIумана тIеховшуш а, чуховшуш а эра ду вай: **«Бисмиллахl»** (**«АллахIан цIарца»**).

   Чухевшина я тIехевшина дIанисделла девлча, эра ду вай: **«Алхьамду лиллахI! «Субхьáналлазú саххара ланá хIáзá ва мá куннá лахIý мукъринúна, ва иннá ила роббинá ламункъолибýн» Алхьамду лиллáхIи, алхьамду лиллáхIи, алхьамду лиллáхIи. АллахIу акбар, АллахIу акбар, АллахIу акбар. Субхьáнакаллохlумма инни къад заламту нафси фагIфирли фаиннахIу ла йагIфирруззунуба илла анта»** (**«Хастам бу АллахIана! Сийлахь ву вайна хIара муьтIахь йинарг. Вайн ницкъ кхочур ма бацара и дан! Бакъдолуш, вешан Деле доьрзур долуш а ду вай. Хастам бу АллахIана! Хастам бу АллахIана! Хастам бу АллахIана! АллахI воккха ву! АллахI воккха ву! АллахI воккха ву! Я, АллахI! сийлахь ву Хьо. Сайна зулам дина аса. Гечдехьа суна. Бакъдолуш, къиношна гечдийриг вац-кха хьо цхьаъ воцург»**).

2. Низам а, къепе а ларйо вай. Охьаховшучу хенахь гIиллакхе а, ладаме а, кIеда-мерза а хуьлу вай. Цхьанненна а гатто а ца йо вай, цхьа а дIаса а ца тоьтту вай.

3. Кортош корехула ара а ца къиэдабо вай, машен чохь льаьтта охьа нехаш а, кехаташ а ца туьйсу вай. Машен чохь туйнаш ца кхуьссу вай. Цхьанненна а новкъарло а ца йо вай.

4. Вайл баккхийнаш а, къаной а, льаьтташ а битина, охьа а ца ховшу вай. Ваьш хьала а гIуьтте, уьш охьаховшуьйту вай вешан метте.

5. Ваьш муьлхха а цхьана хиъна Iаш волчу я новкъа воьдуш волчу бусалба вешийна тIенисделча - цуьнга салам ло вай.

6. Машен йоьдуш а йолуш, машенна тIера охьа а ца дуссу вай: сецна яллалц собар а дой, дуьссу.

# ТIЕ ХIУМА ЙОХАРАН ГIИЛЛАКХАШ



1. Стага тIе духа йиш яц зудчуьнан духар, зудчо тIе духа йиш а яц стеган духар.
2. Ваьш духар тIедухучу хенахь аьтту агIонна хьалха тIедуху вай.
3. Духар тIедоьхначул тIаьхьа олу вай: **«Алхьамду лилла́хIиллазú каса́нú хIа́за́ ва разакъанúхIи мин гIайри хьавлин миннú ва ла́ къувватин»** (**«АллахIана хастам бу - хIара духар суна тIе доьхна волучу а, суна хIара делла волучу а, сан нуьцкъах а, гIорах а доцу»**).
4. ТIера духар дIадаккха лиъча олу вай.

   **«Бисмилла́хIиллахIи»** (**«АллахIан цIарца»**).
5. Ваьш керла духар тIедоьхча олу вай: **«АллохIумма лакалхьамду анта касавтанихIи. Асъалука мин хайрихIи ва хайри ма сунила лахIу, ва аIузу бика мин шаррихIи ва шарри ма сунила лахIу»** (**«Я АллахI! Хастам бу Хьуна, хIара суна тIедохарна. Аса доьху Хьоьга хIокхуьнан дика а, хIара духар шен дуьхьа диначу бахьанин дика а. Хьоьгахь ларвалар лоху аса хIокхуьнан вонах а, хIара шен дуьхьа диначу бахьанин вонах а»**).
6. Вешан бусалба вешина доIа а до вай, цо керла духар тIедоьхча: **«Илбас джадидан ва Iиш хьамидан ва мут шахIидан»** (**«Керланиг тIе а йоха, лараме ваха а ваха, динна тIехула кхалха а кхалха»**).
7. Бусалба стага шен хьорканал лаха охьадолуш духар ца леладо, ткъа бусалба зудчо шен цхьа а меже гур йоццучу кепара дерриге а дегI хьулдеш дехха духар леладо.
8. Деши а, дети а лелор божаршна хьарам ду, ткъа зударшна - хьанал ду.



1. ХIусамера арадовлучу хенахь, аьрру ког хьалха а боккхуш, хIара доIа а доьшуш, арадевр ду вай: **«АллохIумма, аIузу бика ан адилла ав удалла, ав азилла ав узалла, ав азлима ав узлама, ав ажхIала ав южхIала Iалаййа»** («Я, АллахI! Хьоьца ларло со некъах тиларах, айса гIалат далийтарах, кхечо сайга гIалат даккхийтарах, айса зулам дарах, сайна зулам дарах, жехIала хиларах, жехIалаллехь латторах»).

2. ХIусаме чудовлучу хенахь, аьтто ког хьалха а боккхуш, хIара доIа а доьшуш, чудевр ду вай: **«БисмиллахIи валажна ва бисмиллахIи харажна ваIала роббина таваккална»** («АллахIан цIарца чу а даьхки вай, АллахIан цIарца ара а девли вай, вайн Дела волучу АллахIана тIе болх а буьллу вай»).

3. ХIусаме чудевлча, чохьболчаьрга салам лур ду вай: **«Ассаламу Iалайкум варохьматуллахIи вабарокатухI»** («Маршалла а, АллахIан къинхетам а, Цуьнан беркаташ а хуьлда шуна»).



1. Ваьш муьлхха а цхьана бусалба стагана дуьхьал кхетча, дерригенал а хьалха салам ло вай. Вай олу: **«Ассаламу Іалайкум варохьматуллахІи вабарокатухІ»** (**«Маршалла а, АллахІан къинхетам а, Цуьнан беркаташ а хуьлда шуна»**).

   Вукхо салам схьаоьцу: **«ВаІалайкум ассаламу варохьматуллахІи вабарокатухІ»** (**«Шуна а хуьлда маршалла а, АллахІан къинхетам а, Цуьнан беркаташ а»**).

2. Беречо гІашлочуьнга хьалха дІалур ду салам. ГІашлочо хиънаІачуьнга хьалха лур ду салам. Тоба кІеззиг йолучара тоба йоккха йолучаьрга хьалха лур ду салам. Жимачо воккхачуьнга хьалха лур ду салам.

3. Жуьгташка а, керстанашка а салам хьалха дІалур дац вай. Нагахь царех цхьамма вайга салам схьаделлехь - вай дуьхьал эра ду: **«ВаІалайкум»** (**«Шуна а»**).



1. Цхьанненна а чу дагIа йиш яц вайн - хIусамдайша ваьшна чудахка пурба даллалц.
2. Яйн тухуш, неI тухур ю вай, кхузза тоьхначул тIаьхьа тоуьйтур ду вай.
3. ХIусаман дайша хаьттича: **«Мила ву неI еттарг?»** - вешан цIе йоккхур ю вай. ЦIе а ца йоккхуш, **«Со ву-кха»** аьлла, ала йиш яц вайн.
4. Вайна чудахка пурба делча, хьалха салам лур ду вай хIусамдайшка, чухула кхарстарна леррина вешан бIаьргаш а лардийр ду вай.
5. Пурба а даланза, вешан да-нана долчу чудахан а дац вай кхаа хенахь бакъо йолуш: Iуьйра-ламаз далале хьалха а, делкъана де къевкъина дIатеIачу хенахь а, пхьуьйран хенал тIаьхьа а.

# МАЬЖДИГ ЧУ ВАХАРАН ГIИЛЛАКХАШ



1. Маьждиг чу девр ду вай, аьтту ког хьалха а боккхуш, хIара доIа а доьшуш: **«Бисмиллахlи! Вассолату вассаламу lала расулиллахI. АллахIуммафтахь ли абваба рохьматика» («АллахIан цIарца! АллахIера къинхетам а, марша а хуьлда АллахIан элчанна. Я, АллахI! Хьайн къинхетаман неIарш дIаелла Ахьа суна»)**.
2. Маьждиг чу девлча охьа а ховшур дац вай, маьждиган хьурматан ши ракаIат суннат-ламаз даллалц.
3. Аз ийдеш къамелаш а дийр дац вай оцу чохь, ламазаш дечарна хьалхашхула а лелар дац вай, маьждиган цIоналла а ларйийр ю вай.
4. Маьждиг чохь йохкар-эцар дийр дац вай я яйна хIума а кхайкхор яц вай.
5. Вайна маьждиг чуьра арадовла лиъча, аьрру ког хьалха а боккхуш, хIара доIа а доьшуш, арадевр ду вай: **«БисмиллахIи! Вассолату вассаламу Iала расулиллахI. АллахIумма инни асъалука мин фодлика» («АллахIан цIарца! АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда АллахIан элчанна. Я, АллахI! Хьан къинхетам боьху Хьоьга»)**.



1. Кхеташонехь болучаьрга салам лур ду вай.
2. Меттиг боллучу охьаховшур ду вай. Хиъна Ӏачу меттера цхьа а хьала а гӀаттор вац вай, цуьнан метта ваьш охьаховшархьама. Шина стагана юккъе охьа а ховшур дац вай, цаьршиннан пурба доцуш.
3. Ваьш гуламе схьадаьхкича, гонна юккъе а ца ховшуш, меллаша охьаховшур ду вай. Вешан пӀелгаш вовшашна чучча а дохкур дац вай. Вайца цхьаьна оцу гуламехь дакъа лоцучарна дегаза хин дерг а ца до вай: вайн пӀелгаш мерчу а ца хьийзадо вай, туйнаш а ца туьйсу вай, ницкъ ма-кхоччу бага ца гӀиттон а гӀерта вай...
4. Цхьамма вайга гуламан го шорбахьара аьлча, го а шорбо вай.
5. Цхьаъ ша хиъна Ӏачуьра хьала а гӀаьттина, дӀаса а ваьлла, юха схьатӀеверъча, ша хьалагӀаьттиначу охьахаа хьакъ ву иза.
6. Гуламан декъахойх цхьамма къамел дечу хенахь, «тапп» олий, цуьнга ладугӀу вай, шен къамелах иза юкъара а ца воху вай.
7. Кхеташонера хьалагӀовттучу хенахь хӀара доӀа доьшу вай: **«СубхьанакаллохӀумма ва бихьамдика, ашхӀаду алла илахӀа илла анта, астагӀфирука ва атубу илайк» («Я АллахӀ! ЦӀена ву Хьо, хастам бу Хьуна! Аса тоьшалла до Хьо воцург кхин дела цахиларца. Хьоьгара гечдар а доьху аса. Хьоьца тоба а до аса»)**.

# ЦОМГАШ ХИЛАРАН А, ЦОМГАШЧУЬНГА ХЬАЖА ДАХАРАН А ГIИЛЛАКХАШ



1. Ваьшна цхьа лазар хааделча, лозуш йолучу меттиган тIе вешан куьг а дуьллий, хIара дола до вай: **«БисмиллахIи»** (**«АллахIан цIарца!»**) эра ду кхузза. ТIаккха: **«АIузу биллахIи ва къудратихIи мин шарри ма ажидухIу ва ухьазирухIу»** (**«Со ларло АллахIан доллучунна ницкъ кхачарца а, Цуьнан нуьцкъаллица а хIокху айса ловш долучух, со ларлучух»**) ворхIазза эра ду.

2. АллахIан кхиэлана реза ду вай, цамгарна собарах доьхна а ца хьийза вай. АллахIан кхиэлехь лелларг Цуьнан халкъе ца леткъадо вай. Муьлхха а цхьамма вайга **«Хьал муха ду хьан»** - аьлла ваьшка хьаттича, доллучул а хьалха АллахIана хастам бо вай.

3. Муьлхха а цомгаш хилла бусалба волучу хьовса дахча, цунна иза товар доьхуш, АллахIе дола до вай. ХIара дешнаш олу вай: **«АсъалуллохIал Iазым, роббал Iаршил Iазым, ан йашфика»** (**«Аса доьху Сийлахь-Воккхачу АллахIе, йоккхачу Iаршан Деле - хьо товар!»**).

4. Цомгашниг волучохь, цунна хало ца ярхьама, дукха хье ца ло вай, нагахь вай ша волучохь совцаро иза воккхавевеш а, самукъане веш а вацахь.

5. Вай цунна герггарачу хенахь диканиг хиларе дегайовхо а, товаларе сатуьйсийла а юьту. **«Тхан бусалба ваша, собарца а, доIа деш а хилалахь»** - аьлла, весет а дийр ду вай цуьнга. Сийлахь-Везачу АллахIа аьлла: **«Со товийриг ву И, со цомгуш хилча»** («аш-ШуIараъ»: 80).

# АЛЛАХIАН КЪАМЕЛАЦА ЦХЬАЬНА ХИЛА ДЕЗА ГIИЛЛАКХ



1. Ваьш КъурIан доьшучу хенахь, ламаз карахь а долуш, доьшу вай иза. Деша охьаховшучу хенахь - гIиллакхехь, оьзда, хаза, эсала, къилбехьа а дирзина, ховшу вай.
2. КъурIан мукъамехь доьшу вай, сих а ца ло вай иза доьшуш, вешан аз а до вай хаза.
3. Цуьнан аятийн ойла а йо вай, цаьрца Iамал ян гIерташ, къа а хьоьгу вай, цуьнан омра а лардо вай, цо дихкинчух а ларло вай.
4. Ваьш КъурIан доьшуш - АллахI резаваран дуьхьа доьшу вай, дешарна тIера мах а ца оьцу вай.
5. Ваьшна доьшуш КъурIан хезча, дист а ца хуьлуш, хаза ойла а еш, гIиллакхехь ладугIу вай цуьнга.
6. Вешан карахь ламаз доцучу а, ваьш цIена доцучу а хенашкахь КъурIанах куьг ца туху вай.

# АЛЛАХIАН ЭЛЧАНЦА (АЛЛАХIЕРА КЪИНХЕТАМ А, МАРШО А ХУЬЛДА ЦУННА) ХИЛА ДЕЗА ГIИЛЛАКХ




1. АллахIан элча (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) дукха веза вайна вешан синойл а, догIмел а. Иштта цуьнан асхьабаш а, цуьнан цIийнан охIла а беза вайна дукха.
2. Вай лоруш верг а, сий деш верг а ву иза. Ваьшна цуьнан цIе йоккхуш хезча - салават дуьллу вай.
3. Цо диначу омрашна муьтIахь ду вай, цо мел дийцинарг бакъ деш ду вай, цо дихкинарг дарах ларлуш а ду вай.
4. Цуьнан лорах доьлху вай, цуьнан суннатца Iамал а йо вай, цуьнан цхьана а суннатана букъ а ца туху вай, бидаIаташ юкъа а ца доху вай.
5. Цунна мел дезнарг деза вайна, иза оьгIазе мел хиллачунна оьгIазе а ду вай, цо бина хьехамаш а бо вай кхечарна.
6. Вай тешна ду: цо шега аманат динарг дIакхачийна хиларна, АллахIа шега баийтина хаамаш берриг дIабаржийна хиларна. Вайн массеран цIарах АллахIа диканца бекхам бойла цунна.



1. Вешан дайшна а, наношна а дика ду вай, цаьршинна муьтIахь а, цаьршинца эсала а ду вай. Кест-кеста цаьршиннан куьйгана барт а боккху вай.
2. Вешан дайшна а, наношна а муьтIахь ду вай, цхьана а дика долчуьнгахь Iеса а ца хуьлу вай цаьршинна, сий а до вай цаьршиннан.
3. Цаьршимма АллахIана Iеса хиларан декъах дерг де аьлла, ваьшка омра дича, тIаккха муьтIахь хилац вай царна - Кхоьллиначунна Iеса а хуьлуш, адамашна муьтIахь хила мегаш доцун дела.
4. И шиъ долучохь вешан аз ца ийдо вай, цаьршинга «тпуй» а ца олу вай, и шиъ чеха а ца до вай.
5. Кест-кестта цаьршинна доIа до вай, цаьршинна гечдар а доьху вай, и шиъ вайна реза а до вай, и шиъ оьгIаз а ца дохуьйту вай, цаьршиннан пурба доцуш цхьанхьа даха новкъа а ца довлу вай.
6. Цаьршимма лелийна гергарлонаш хеда а ца до вай, цаьршиннан накъостийн сий-ларам а бо вай, цаьршинна эшнначу хенахь г1уллакхна дIахIиттина а ду вай.



Халид Ал-Хьусайнан
ЭЗАР СОВ СУННАТ
Дийнахь-буса лелош долу
Гочдинарг
Турпалан кӀант Фарукъ
Истанбул 2009
Имам Нававийн
Шовзткъа Хьадис
гочдинарг:
Турпалан кӀант Фарукъ
Истанбул 2009
Турпалан кӀант Фарукъ
Бусалба беро
ала дезарг